**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–11.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक काज सुचारू रूपें जारी अछि। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि सांझ छओ बजे धरि पाँच करोड़ बाईस लाख मतदाता सभक गणना फार्म एकत्र कयल गेल अछि। ई संख्या कुल मतदाताक छियासठि दशमलव एक छओ प्रतिशत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम अंतर्गत सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक लाभुक सभक मध्य एक हजार दू सय सत्ताईस करोड़ टाका सँ बेसीक राशि डीबीटीक माध्यमे हस्तांतरित कयलनि। एक करोड़ एगारह लाख सँ बेसी लाभार्थीक खाता मे एहि बेर चारि सय टाकाक स्थान पर एगारह सय टाकाक राशि पठाओल गेल अछि। पछिला दिन कैबिनेट सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक राशि चारि सय टाका सँ बढ़ा कऽ एगारह सय टाका करबाक निर्णय कयने छल। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि रोजगार मेलाक अंतर्गत वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यमे एकावन हजार सँ बेसी नव नियुक्त युवा सभ के नियुक्ति पत्र सौपताह। सोलहम रोजगार मेला देशभरि मे सैंतालीस स्थान पर आयोजित कयल जायत। रोजगार मेला प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कँ रोजगार सृजन के सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक प्रतिबद्धता के पूरा करबाक दिशा मे एक डेग अछि। देशभरि मे रोजगार मेलाक माध्यमे एखन धरि दस लाख सँ बेसी नियुक्ति पत्र वितरित कयल गेल अछि।

---

राजधानी पटनाक ज्ञान भवन मे आइ सँ दू दिवसीय राज्यस्तरीय स्वास्थ्य मेला आरोग्य पर्व के प्रारंभ भेल। मेलाक उद्घाटन उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय संयुक्त रूप सँ कयलनि। एहि मेला मे एलोपैथी, आयुर्वेद, होमियोपैथी यूनानी आ योग एहेन सभ प्रमुख चिकित्सा पद्धति के भिन्न–भिन्न काउंटर बनाओल गेल अछि। निःशुल्क दवाई वितरणक लेल सेहो काउंटर उपलब्ध अछि। छात्रा लोकनिक लेल एचपीवी टीकाकरणक सुविधा सेहो मेला मे उपलब्ध अछि। एकर अतिरिक्त लोक स्वास्थ्य मेला मे आयुष्मान कार्ड, वय वंदना कार्ड आ आभा आईडी सेहो बनबा सकैत छथि।

———————————————————————————

वाल्मीकिनगर गंडक बराज सँ नदी मे एक लाख नब्बे हजार क्यूसेक पानि छोड़ल जयबाक बाद नदीक जलस्तर मे वृद्धि भेल अछि। नदीक जलस्तर मे वृद्धि सँ कतेको ठाम कटावक स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि। हमर बेतिया संवाददाता जनौलनि जे पानिक दबाव बढ़बा सँ योगापट्टीक सिसवा मंगलपुर पंचायत मे गंडक नदी पर बनल जीओ बैग बान्ह धँसि गेल। स्थानीय ग्रामीणक अनुसार लगभग चारि सय मीटरक लंबाई मे बान्ह धँसल अछि। एहि सँ सिसवा आ मंगलपुर गाम पर कटावक खतरा बढि गेल अछि। लोक सभ बान्ह धँसबाक सूचना स्थानीय प्रशासनक संग–संग जन प्रतिनिधि के सेहो देलनि अछि मुदा एखन धरि मरम्मतिक लेल कोनो पहल नहि भेल अछि।

———————————————————————————

वैशाली जिलाक गोरौल स्थित एक आभूषण दोकान सँ अपराधी सभ बीस लाख टाका मूल्यक आभूषण लूटि लेलक। पुलिस जनौलक जे छओ के संख्या मे आयल अपराधी सभ हथियारक बल पर ग्राहक सभ के बंधक बना कऽ घटना के घटित कयलक। अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापेमारी जारी अछि।

———————————————————————————

साओनक पवित्र मास आइ सँ आरंभ भऽ गेल अछि। एहि बेर साओन मास मे चारि सोम पड़त। हमर संवाददाता जनौलनि जे पवित्र मास प्रारंभ होयबाक संगहि पूरा वातावरण

भक्तिमय भऽ जाइत अछि। मुजफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ, सोनपुरक हरिहरनाथ, पूर्वी चंपारणक अरेराज मंदिर, लखीसरायक अशोकधाम, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान, सुपौलक तिलहेश्वर स्थान, सहरसाक मटेश्वर मंदिर, दरभंगाक कुशेश्वर स्थान सहित प्रदेशक विभिन्न मंदिर आ शिवालय मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। भागलपुरक सुल्तानगंज मे पैघ संख्या मे कमरथुआ उत्तरवाहिनी गंगाक जल उठेबाक लेल पहुँचि रहलाह अछि। ई कमरथुआ सभ एक सय पाँच किलोमीटर सँ बेसीक दूरी तय कऽ झारखंडक देवघर स्थित बाबा वैद्यनाथक जलाभिषेक करताह।

———————————————————————————

राज्य मे मानसून पूरा तरहें कमजोर पड़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे राज्यक पश्चिम आ दक्षिण मध्य भाग मे तेज हवाक संग हल्का वर्षाक संभावना जनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।